

Tès Epatit C pou Baby Boomers (moun ki fèt ant 1945 e 1965)

Poukisa moun ki fèt ant 1945 e 1965 (baby boomers) dwe fè tès epatit C?

Byenke nenpòt moun ka gen epatit C, plis ke 75% granmoun ki infekte yo, fèt ant 1945 e 1965 (baby boomers)

- Baby boomers yo (moun ki fèt ant 1945 e 1965) gen 5 fwa plis chans gen epatit C
- Maladi fwa, kansè fwa, ak lanmò akòz de epati C ap ogmante.
- Plis tan yon moun fè avèk epatit C, se plis chans li genyen pou li devlope de grav maladi fwa ki ka koz lanmò
- Lè moun fè tès, sa ka ede yo aprann si yo enfekte epi pou jwenn swen ak tretman ki ka sove lavi yo.
- Tretman yo disponib ki ka elimine viris la nan kò a ak pou anpeche domaj nan fwa, siwòz, e menm kansè nan fwa.

Poukisa baby boomers yo gen gwo pousantaj eleve epati C sa yo?

Reson ki fè baby boomers gen gwo pousantaj epatit C a moun pa fin klè nèt. Yo panse ke anpil landan te enfekte nan ane 1970 yo ak 1980 lè pousantaj epatit te pi wo ke tout lè. Paske anpil moun ki gen epatit C ka viv dè dizèn ane san sentòm, anpil baby boomers ap viv avèk yon enfeksyon yo te pran depi dè zane.

Epatit C simaye nan kontak avèk san yon moun ki enfekte deja. Anpil baby boomers te kapab vinn enfekte nan san ak pwodwi san ki te kontamine anvan yo te pwopaje tès depistaj rezèv san yo nan ane 1992 ak prekosyon inivèsèl te adopte. Gen lòt kite enfekte nan enjeksyon dròg, menm si se te yon sèl fwa nan tan lontan.

Kisa baby boomers yo dwe konnen sou epatit C?

Epatit C se yon grav maladi fwa ki se rezilta enfeksyon avèk viris epatit C. Gen kèk moun ki enfekte avèk epatit C ki kapab debarase yo de li, men pifò moun ki enfekte devlope yon kwonik, oswa yon enfeksyon pou lavi. Avèk letan, kwonik epatit C kapab lakòz pwoblèm sante grav ki gen ladan domaj nan fwa, siwòz, kansè nan fwa e menm lanmò. An reyalyite, epatit C, se rezon prensipal kansè nan fwa e rezon prensipal grèf fwa yo.

Moun avèk epatit C:

- Lepli souvan pa gen sentòm
- Ka viv avèk yon enfeksyon dè dizèn ane san yo pa santi yo malad
- Kapab trete fasilman avèk medikaman.

Kijan yon moun ka konn si li gen epatit C?

Sèl jan pou ou konnen si yon moun gen Epatit C se lè yo fè tès. Doktè itilize yon tès san yo rele yon tès antikò epatis C, pou yo ka konnen si yon moun e enfekte ak epatit C. Tès antikò epatit C a cheche antikò viris epatit C a nan kò moun nan. Antikò yo se pwodwi chimik ki lage nan san an lè yon moun enfekte.

Rezilta tès Antikò Epatit C

Lè w ap fè tès pou Epatit C, mande kilè ak ki jan yo pral anonse rezilta tès yo. Rezilta yo tès anjeneral pran nenpòt kèk jou jiska kèk semèn anvan yo retounen.

Test antikò Epatit C ki pa reyatif oswa ki negatif

- Yon tès **antikò ki pa reaktif** oswa negative vle di moun nan pa gen Epatit C.
- Sepandan, si yon moun te ekspòze a viris Epatit C a dènyèmman, li ap bezwen fè test la ankò.

Test antikò Epatit C reyaktif oswa pozitif

- Yon tès **antikò reyaktif**, oswa pozitif, vle di ke yo jwenn antikò Epatit C nan san an e yon moun te enfekte avèk la viris Epatit C a yon lè konsa.
- Yon tès antikò reyaktif pa vle di nesèsèman ke yon moun toujou gen Epatit C.
- Depi yon moun fin enfekte, lap toujou gen antikò nan san li. Se laverite menm si moun nan pa gen Viris Epatit C a ankò.
- Yon tès antikò reyaktif egzije yon lòt tès adisyonel (RNA Tès Epatit C) pou detèmine si yon moun enfekte avèk Epatit C aktyèlman.

Kisa Hepatitis C Testing Law New York State la ye?

Hepatitis C Testing Law a egzije ke yo ofri yon tès evalyasyon Epatit C alekri a tout moun ki fèt ant 1945 e 1965. Si yon moun aksepte òf la e tès epatit la reyaktif, founisè swen sante a dwe offri moun nan swivi swen sante oswa refere moun nan a yon founisè swen sante ki ka founi swivi swen sante. Swivi swen sante a dwe inkli yon tès dyagnostik epatit C (tès epatit C RNA).

Pou jwenn plis enfòmasyon

Pale avèk Doktè Ou Oswa, vizite sit entènèt www.health.ny.gov/hepatitisC oswa www.cdc.gov/knowmorehepatitis.